

ENFÒMASYON ENPÒTAN KONSÈNAN DWA TRAVAYÈ JADEN-YO GEN NAN NYOUDJÈZE



(Tout travayè jaden gen dwa sa-yo, menmsi yo pa gen papyè).

SALÈ MINIMÒM—Chak jou ou travay, yo dwe peye’w pou pi piti \$ 8,25 pou chak èd-tan, menmsi se sou kouraj-ou w’ap travay. Nan Nyoudjèze, *salè minimòm-nan* se \$ 8,25 pou chak èd-tan travay.

Men yon egzanp, si’w travay 10 èd-tan nan yon jounen, yo dwe peye’w pou pi piti \$ 82,50 pou jounen travay-sa (10 x \$ 8,25 = \$ 82,50), menmsi’w pa’t kapab ranmase dekwa pou’w te touche menm valè kòb-sa daprè kontra-a.

Si yo te pwomèt peye’w plis pase \$ 8,25 pou chak èd-tan, se dwa’w pou yo peye’w sa yo te pwomèt-ou a.

Moun ki peye’w la dwe ba’w yon dokiman ekri ki di a konbyen kòb yo peye’w, konbyen èd-tan ou travay nan semèn-nan epi, si se sou kouraj-ou ou gen kontra pou travay, ki valè ou ranmase.

PRAN NÒT—Pou’w ka asire’w ke yo peye’w tout lajan’w, li enpòtan pou’w ekri konbyen èd-tan ou travay chak jou. Ekri dat ak a ki lè ou kòmanse epi a ki lè ou fin travay chak jou. Si se sou kouraj-ou ou gen kontra pou’w travay, ou dwe ekri ki valè inite ou ranmase chak jou ou travay.

Jou	Dat	Kòmanse	Fini	Kòmanse	Fini	Inite
Lendi	25 jiyè	05:30	12:00	01:00	07:00	39

SI’W ACHTE NAN MEN PATWON-AN: Si mèl jaden-an oswa chèf ekip-la vann-ou manje, fè’w peye pou transpòtasyon, oubyen lòt bagay, si lè’w fin peye, ou rete pi piti ke \$ 8,25 pou chak èd-tan travay, li ilegal pou yo fè benefis sou bagay yo vann ba’w-yo. Men yon egzanp, si yo vann-ou yon plat manje ki koute yo sèlman \$ 2,00, yo pa dwe fè’w peye plis pase \$ 2,00 pou manje-sa.

Mèt jaden-an ak chèf ekip-la pa gen dwa pou yo fòse’w achte anyen nan men yo. Fè yon lis tout bagay w’achte nan men mèl jaden-an osinon chèf ekip-la. Nan Nyoudjèze, mèl jaden ak chèf ekip-yo pa sipoze fè travayè jaden-yo peye pou kay kote yo dòmi-a.

KONTRA H2A—Si se sou kontra H2A w’ap travay, epi yo te fè’w peye pou yo anboche’w nan travay-la, pou visa-a, oubyen ou te fè lòt depans pou transpòtasyon, li posib pou sa te yon vyolasyon dwa’w pou touche salè minimòm-nan.

Kontinye nan lòt paj-la

Dezyèm paj

DEDOMAJMAN POU AKSIDAN—Si'w fè aksidan nan travay-la, oubyen si travay-la fè'w malad, mèt jaden-an dwe gen asirans pou peye swen medikal pou-ou. Epi tou, si'w pèdi plis pase 7 jou travay, oubyen si aksidan'w te fè nan travay-la koz-ou yon domaj pèmanan, yo dwe dedomaje'w pou sa. Si'w pran yon zòk oubyen ou malad, se trèzenpòtan pou'w fè mèt travay-la konn-sa imedyatman.

PESTISID—Anpil jaden aspèje fwi ak legim-yo avèk pestisid ki gen pwazon ladan-yo epi ki ka fè travayè-yo malad. Mèt jaden-an dwe bay enfòmasyon ki di ki kalite pestisid li itilize pou'l aspèje jaden-an, ki kote epi ki lè yo gen pou aspèje jaden-an, kòman pou pwoteje tèt-ou kont pestisid-yo, epi ki kote pou'w jwenn swen medikal si pestisid-yo fè'w malad.

PWOTEKSYON SANTE'W AK SEKIRITE'W NAN JADEN-AN—Mèt jaden-an dwe mete dlo potab nan jaden-an pou travayè-yo, latrinn ak kote pou yo lave men-yo. Travayè-yo dwe ka ale nan latrinn oubyen al bwè dlo mezi fwa yo bezwen. Chalè ka fè travayè-yo malad, lè-l fè chalè anpil, li enpòtan pou yo bwè dlo tanzantan.

DWA POU ÒGANIZE—Nan Nyoudjèze, travayè jaden-yo gen dwa pou mete tèt-yo ansanm pou yo ka negosye ak mèt jaden-an sou salè-yo ak kondisyon travay-yo. Li ilegal pou patwon-an revoke travayè ki ta vle òganize-yo ansanm. CATA ki se komite ki la pou sipòte travayè agrikòl-yo, Farmworker Support Committee, kapab ede travayè-yo konnen kòman pou yo òganize-yo. Ou ka kontakte yo nan: 1-800-989-2282

KAY NAN JADEN-YO—Gen plizyè lòt dwa toujou ke travayè jaden-yo genyen, tankou dwa pou yo dòmi nan bon kay ki pwòp epi ki an bon-eta.

LÒT SÈVIS—Men kèk lòt sèvis ankò ki disponib, klinik sante pou travayè jaden-yo (609-567-0200), pwogram Migrant Education pou timoun ak jèn moun (856-468-6530, ekstansyon 1053), pwogram Migrant Head Start pou timoun piti ak atelye fòmasyon travay pou granmoun (1-800-624-1432).

Si'w ta gen nenpòt kesyon konsènan dwa'w, oubyen si'w ta vle pote plent paske yo vyole dwa'w, rele:

Legal Services of New Jersey, Farm Worker Project
Nimewo gratis: (866) 576-5327